



## **Kesyon yo poze souvan sou Fòm 1095-A**

### **1. Poukisa NYS State of Health ban mwen yon fòm 1095-A?**

Ou te resevwa yon Fòm 1095-A paske oumenm oswa yon moun nan fanmi ou te enskri nan asirans sante prive avèk NY State of Health pou tout oswa yon pati nan ane 2021.

Yo remèt Fòm 1095-A sèlman bay kliyan nan Qualified Health Plans (QHP) yo achte atravè NY State of Health nan nivo Bwonz, Ajan, Lò ak Platin. Yo pa bay Fòm 1095-A bay kliyan ki nan plan asirans medikaman chè, plan Medicaid, Child Health Plus, oswa Essential Plan paske yo pa kalifye pou Kredi Enpo sou Prim lan (PTC).

### **2. Kisa mwen bezwen fè ak fòm 1095-A?**

Si ou menm oswa yon moun nan fanmi ou te enskri nan pwoteksyon asirans sante avèk èd finansyè avèk NY State of Health pou tout oswa yon pati nan ane 2021:

W ap bezwen Fòm 1095-A pou konplete deklarasyon enpo federal ou. Asistans finansyè oumenm oswa yon manm fanmi w te resevwa an se te nan fòm peman alavans kredi enpo sou Prim (APTC). Sèvis Revni Entèn lan mande pou moun oswa fanmi ki te resevwa APTC fè deklarasyon revni yo epi tache fòm IRS 8962 a, Kredi Enpo sou Prim (PTC). W ap jwenn Fòm 8962 nan IRS la sou [www.irs.gov](http://www.irs.gov). Fòm 1095-A ap ede w ranpli Fòm 8962.

Si ou menm oswa yon moun nan fanmi ou te enskri nan pwoteksyon asirans sante san èd finansyè avèk NY State of Health pou tout oswa yon pati nan ane 2021:

Menm si ou pa te resevwa asistans finansyè pou peye plan sante w, selon revni w, ou kapab toujou jwenn èd nan moman deklarasyon enpo a. W ap bezwen Fòm 1095-A pou ranpli deklarasyon enpo federal ou si ou vle reklame Kredi Enpo sou Prim (PTC) a. PTC a se yon kredi enpo ki ka ba w asistans finansyè pou ede w kouvri pri prim yo. Gras a Ak sou Plan Sekou Ameriken an, ki te siyen nan lalwa nan mwa Mas 2021, moun ak pi gwo revni ki touche plis pase 400% nan Nivo Povrete Federal la (FPL) kapab kalifye pou PTC tou. Enstriksyon pou Fòm 8962 a ap ede ou detèmine si ou respekte kondisyon ki pèmèt ou kalifye pou kredi sa a.

Ou dwe depoze Fòm 8962 IRS la, Kredi Enpo sou Prim, pou reklame kredi enpo a. W ap jwenn Fòm 8962 IRS la sou [www.irs.gov](http://www.irs.gov) oswa lakay moun kap prepare deklarasyon revni ou an. Fòm 1095-A ou an founi w enfòmasyon w ap bezwen pou ranpli Fòm 8962.

**3. Mwen te resevwa 1095-A lane pase, mwen kounye a mwen nan Essential Plan epi mwen pa resevwa youn. Eske mwen pa bezwen fè deklarasyon enpo mwen?**

Yo remèt Fòm 1095-A sèlman bay kliyan ki elijib pou Kredi Enpo sou Prim (PTC). Pliske ou te enskri nan Essential Plan la an 2021, ou pa t kalifye pou PTC epi ou pa pral resevwa yon Fòm 1095-A.

**4. Ki kategori enfòmasyon ki sou Fòm 1095-A?**

Fòm 1095-A gen ladann enfòmasyon ou bezwen pou ranpli Fòm 8962 si ou vle reklame PTC a oswa si w gen pou amonize APTC ou te resevwa deja. Fòm 1095 genyen twa pati:

**Pati I:** Founi enfòmasyon debaz sou w ou, ak dat debi ak fen yo pou plan sante spesifik ki rapòte sou chak Fòm 1095-A.

**Pati II:** Founi enfòmasyon sou chak manm fanmi an ki kouvri anba menm polis la. Si w te aplike pou asistans finansyè epi ou te di nou kilès nan fwaye a kap peye taks, Pati II ap sèlman gen ladann enfòmasyon pou pwòp fanmi kap peye taks. Moun ki nan yon fanmi kap peye taks separe ap resevwa pwòp Fòm 1095-A. Si ou pa te aplike pou asistans finansyè, Pati II ap gen ladann tout moun ki enskri nan menm polis la menm si yo pa nan fwaye w kap peye taks.

**Pati III:** Founi enfòmasyon pou chak mwa nan ane a pou twa bagay:

1. Pataj QHP ou, e si sa valab, prim Pou Swen Dan ki Kanpe Apa, ki atribiye a Benefis Sante Esansyèl (Essensial Health Benefits, EHB). Gade kesyon 6 pou plis enfòmasyon sou pri prim sa ki rapòte sou Fòm 1095-A ou an.
2. Montan prim Dezyèm Plan Ajan Pi Ba Pri a (SLCSP) pou fanmi w ki kouvri nan konte rezidans ou. Montan prim SLCSP a founi paske IRS itilize montan prim sa pou kalkile kredi enpo pou kalifye pou li a. Enfòmasyon sa yo bay sèlman pou moun ki te itilize APTC. Pou moun ki te enskri san APTC (sila yo ki pat aplike pou asistans finansyè oswa sila ki te chwazi pou aplike pou okenn APTC yo te elijib pou li a), NY State of Health bay yon tablo pou chèche bon SLCSP la.
3. Si valab, peman davans prim kredi enpo a ki peye pou w ou nan konpayi polis ou a.

## 5. Poukisa mwen te resevwa plis pase yon Fòm 1095-A?

Genyen plizyè egzanp kote NY State of Health ap mete deyò plizyè Fòm 1095-A. Men pi fò rezon yo:

- Chanjman nan QHP: Si oumenm oswa yon moun nan fanmi w chanje plan pandan ane 2021, n ap voye yon (1) fòm ki detaye enskripsyon nan chak plan. Si w te enskri nan yon plan sante, apre sa ou dezenskri nan plan, epi ou re enskri nan menm plan, n ap mete deyò yon fòm pou chak nan de peryòd enskripsyon sa yo.
- Diferan manm fwaye a te enskri nan diferan plan: Si manm fanmi an te enskri nan QHPs soearem n ap mete deyò yon fòm pou chak plan sante.
- Chanjman nan itilizasyon APTC: Si oumenm oswa yon moun nan fanmi an kap peye taks te itilize APTC nan sèten mwa epi te sispann itilize APTC pondan mwa annapre (oswa visvèsa), yon fòm ap soti pandan mwa kote APTC te itilize epi yon lòt fòm ap soti pandan mwa kote APTC pa te itilize.
- Chanjman kay manm aderan: Si gen yon chanjman nan prensipal manm aderan yon polis, yon fòm ap soti pou mwa kote yon moun te prensipal manm aderan, epi yon lòt fòm ap soti pou mwa kote on lòt moun te prensipal manm aderan.

## 6. Poukisa montan prim chak mwa sou Fòm 1095-A pa mwatye ak montan prim mwen wè nan kont oswa bil mwen te resevwa nan men plan sante mwen?

Regleman federal pèmèt (A)PTC sèvi sèlman pou avantaj yo konsidere kòm Avantaj Sante Esansyèl (EHB) epi pa fèt pou sèvi pou avantaj kipa EHB. Poutèt Fòm 1095-A founi enfòmasyon yo bezwen pou reklame PTC a oswa rekonsilye APTC a, fòm lan sèlman gen ladann pataj prim ki kouvri EHB, ki ka oswa pa reflete montan prim chak mwa ou te peye a. Tanpri se pou konnen tou si w te enskri nan yon plan swen dan apa, pòsyon prim pwoteksyon pou dan w lan ki kouvri dan timoun, yo konsidere EHB pa sèlman prim la pou plan sante medikal ou ap rantre nan montan prim chak mwa ou.

W ap jwenn yon lis Avantaj Sante Esansyèl isit la:

<http://info.nystateofhealth.ny.gov/news/what-are-essential-health-benefits> Sèten plan sante sèlman gen ladan yo EHB epi sèten plan gen avantaj anplis (tankou akipenkti).

## 7. Mwen te enskri nan yon plan sante ak yon moun ki pa te yon madanm/mari oswa yon depandan (tankou yon patnè nan kay oswa timoun ki pa depandan) e nou te resevwa asistans finansyèl. Poukisa non l pa sou Fòm 1095-A mwen an?

Si w enskri nan yon plan sante ak asistans finansyèl ak yon moun ou pa deklare kòm yon depandan sou deklarasyon enpo ou, w ap resevwa yon Fòm 1095-A pou tèt ou ak depandan ou yo (si genyen) epi lòt moun lan ap resevwa yon 1095-A pou li.

IRS la mande nou voye yon fòm separe 1095-A pou chak fanmi kap peye taks ki enskri nan yon plan sante, epi pou l sèlman gen ladann enfòmasyon pou fanmi kap peye taks espesyal sa ou chak fòm 1095-A.

**8. Depandan mwen ak mwen te enskri nan yon plan sante ak asistans finansyè.  
Poukisa depandan pa sou Fòm 1095-A mwen an?**

Si ou te endike nan aplikasyon ou pou ane pwoteksyon 2021 la moun nan pa te yon depandan epi sa fè li te nan yon fanmi taks separe, NY State of Health te voye yon Fòm 1095-A separe pou moun nan. Ou pa ka chanje enfòmasyon an yon fason retwoaktif sou aplikasyon NY State of Health ou a, men ou ka konekte sou kont ou a epi korije enfòmasyon aplikasyon ou pou ane enskripsyon 2022 la.

**9. Tout fanmi m te enskri nan yon plan sante atravè NY State of Health, men sèlman yon moun nan fanmi mwen te resevwa yon Fòm 1095-A. Eske tout moun nan fanmi an sipoze resevwa yon kopi fòm lan?**

Si w te enskri avè asistans finansyè, Fòm 1095-A ale jwenn yon moun nan chak fanmi kap peye taks ki enskri nan chak plan sante. Paregzanp, si yon koup marye enskri nan yon plan sante, NY State of Health voye sèlman yon Fòm 1095-A nan mari/madanm ki se pwopriyetè kont lan. Si yon koup marye enskri nan yon plan sante avèk asistans finansyè, ansanm ak pitit yo ki pa depandan, n ap voye yon Fòm 1095-A bay pwopriyetè kont lan epi yon dezyèm Fòm 1095-A bay timoun ki pa depandan. Fòm ap gen ladan yo sèlman enfòmasyon yo pou fanmi patikilye sa kap peye taks, menm si genyen lòt moun polis la kouvri.

Si ou pa te aplike pou asistans finansyè, ou pa te blije di NY State of Health kilès ki nan fanmi kap peye taks ou an epi n ap voye yon Fòm 1095-A bay pwopriyetè kont lan pou tout moun ki enskri nan plan sante a.

**10. Mwen te sipoze resevwa yon Fòm 1095-A men mwen pa te resevwa ankenn.  
Kijan mwen ka jwen yon kopi ranplasman Fòm lan?**

Si w resevwa yon Fòm 1095-A epi ou se pwopriyetè kont lan sou kont NY State of Health la, ou kapab jwenn fòm lan nan kont ou sou entènèt sou [www.nystateofhealth.ny.gov](http://www.nystateofhealth.ny.gov). Rantre sou kont ou epi chèche Fòm 1095-A nan bwat ou. Si ou pa anmezi rantre sou kont ou sou entènèt, tanpri rele NY State of Health nan 1-855-766-7860.

Si ou resevwa yon Fòm 1095-A epi ou pa pwopriyetè kont ou, tanpri rele NY State of Health nan 1-855-766-7860.

**11. Kijan mwen ka jwenn enfòmasyon nan yon Fòm 1095 ki pa te pou mwen?**

NY State of Health ka sèlman founi Fòm 1095-A ak enfòmasyon sou fòm sa yo bay moun yo te voye fòm lan. Si ou bezwen enfòmasyon nan yon Fòm 1095-A ki pa te

adrese pou ou, tanpri kontakte moun yo te adrese fòm nan pou li a oswa kontakte NY State of Health nan 1-855-766-7860.

**12. Mwen te bliye deklare yon chanjman nan sikonstans mwen ki te fèt pandan ane pwoteksyon 2021 la, kisa mwen ta dwe fè.**

Fòm 8962 ap bay sa pou fè sou fason pou amonize chanjman ou pa te rapòte bay NY State of Health. Si ou pa te rapòte yon chanjman nan sikonstans, ou ka elijib pou lòt PTC oswa ou ka dwe IRS PTC a.

Enfòmasyon sou Fòm 1095-A a reflekte enfòmasyon ou te deklare bay NY State of Health ane enskripsyon 2021 la. Ou pa ka chanje enfòmasyon yon fason retwo-aktif nan kont ou ki aplike a enskripsyon oswa kalifikasyon ou pou 2021. Ou kapab sèlman fè chanjman pou pi devan.

Si ou pa te mete aplikasyon ou ajou pou reflekte chanjman yo an 2021, tankou chanjman nan revni ou chak ane, ki moun ou gen plan reklame kòm yon depandan, oswa ki kote ou te viv, chanjman sa yo p ap reflekte nan Fòm 1095-A ou gen kounye a.

Pi devan, si ou enskri nan yon plan sante atravè Plan Sante Eta New-York la, ou ta dwe toujou avèti yo sou chanjman nan sitiyasyon w andedan 30 jou.

**13. Mwen te enskri nan yon plan sante ak asistans finansyè. Poukisa Fòm 1095-A mwen an montre mwen te gen APTC pou yon mwa kote mwen pa te enskri nan yon plan sante?**

Ou elijib pou PTC a sèlman pou mwa kote ou peye kotizasyon pa w nan prim asirans sante ou an. Si plan sante w te ba w kouvèti pandan yon mwa ou pa te peye kotizasyon pa w pou prim lan, ou gen pou repeye PTC ki te peye pou w ou a bay plan sante a pou mwa sa.

Pa egzanp:

Janvye 2021:	Ou enskri nan yon plan sante ak asistans finansyè.
Janvye - Me 2020:	Ou peye kotizasyon pa w pou prim lan alè chak mwa epi APTC a peye nan plan sante w la chak mwa.
Jen 2021:	Ou pa peye prim ou,, ou pa chèche mete fen ak pwoteksyon ou, epi ou antre peryòd gras 90 jou an pou peye prim mwa jen ou. APTC te peye nan plan sante w la pou mwa jen.

Septanm  
2021:

Ou toujou pa peye prim ou pou mwa jen epi ou te fini yon mannyè retwoaktif nan dat 30 jen. Dapre règ peryòd gras prim federal la, plan sante a te mande pou peye founisè pou tout sèvis ki kouri ou te itilize nan mwa jen. Sepandan, ou pa elijib pou APTC pou mwa sa paske ou pa te peye kotizasyon pa w pou prim lan. Paske ou pa elijib ankò pou APTC nan mwa sa, ou pa oblije remèt lajan sa bay IRS. APTC pa te peye apre mwa Jen kidonk obligasyon pou repeye a se sèlman pou yon mwa.

**14. Mwen te enskri nan yon plan sante atravè Plan Sante Eta New-York la an 2021 epi mwen pa gen lòt sous Kouvèti Asirans Esansyèl Minimòm, poukisa mwen pa kalifye pou kredi enpo?**

Selon Ak Swen Sante Aksesib la (ACA) yon asirans sante aksesib lè li pa koute plis pase yon sèten pousantaj nan revni yon moun oswa yon fanmi. Montan kredi enpo yon moun oswa yon fanmi ka resevwa chita sou de faktè: revni fwaye a epi dezyèm plan asirans nan kategori Silver ki mwen chè sou mache a (Second Lowest Cost Silver Plan, SLCSP) nan konte li abite a. Si SLCSP a koute plis pase yon sèten pousantaj nan revni kay la, moun nan oswa fanmi an ka kalifye pou PTC a. Si SLCSP a koute mwens pase pousantaj espesifik la, moun oswa fanmi an pa kalifye pou PTC a paske pwoteksyon asirans lan deja abòdab.

Tab 2 nan sa yo di pou fè pou Fòm 8962 bay pousantaj revni maksimòm yon moun oswa fanmi ta va peye, sou baz revni yo, pou SLCSP a nan konte pa yo.

**15. Enfòmasyon sou Fòm 1095-A pa sanble kòrèk. Kijan mwen ka chanje yo?**

Tanpri gade lòt FAQs yo pou wè si yo ede ou konprann enfòmasyon yo ki sou Fòm 1095-A ou an. Si FAQs sa yo pa reponn kesyon ou an, tanpri rele NY State of Health nan 1-855-766-7860 pou jwenn asistans.

**16. Mwen te resevwa yon 1095-A korije ki soti nan NY State of Health. Eske mwen gen pou refè taks mwen yo?**

NY State of Health pa ofri konsèy sou zafè taks. Tanpri ale sou [www.irs.gov](http://www.irs.gov) pou jwen plis enfòmasyon sou kesyon w lan oswa pou diskite sikonstans ak konseye w nan zafè taks.

**17. Mwen te ranpli aplikasyon 2021 NY State of Health mwen an selon enfòmasyon mwen te genyen sou revni mwen lè mwen te aplike pou pwoteksyon asirans lan. Apre mwen te fin ranpli deklarasyon taks ane 2021 mwen, li te endike mwen te gen yon revni ki pi wo pase sa mwen te atann nan epi mwen te kalifye pou yon kantite kredi nan taks ki pi piti. Eske m ap gen pou remèt kredi enpo anplis la? Eske gen yon limit sou kantite mwen gen pou repeye a?**

Si veritab revni ou pou 2021 te plis pase kantite revni ou te deklare bay Plan Sante Eta New-York la pou ane 2021 an, epi si ou te itilize yon pati oswa tout kredi enpo ou te kalifye pou li a, IRS kapab rekipere yon pati oswa tout montan anplis ou te resevwa a lè y ap kalkile ranbousman taks ou a. Selon veritab revni ou pou 2021, gen yon limit nan montan ou ta sipoze remèt la. Tanpri gade enstriksyon pou Fòm 8962 yo pou jwenn plis enfòmasyon sou limit ranbousman yo. Epitou ou ka ale sou [www.irs.gov](http://www.irs.gov) pou jwenn plis enfòmasyon.

**18. Apre mwen te fin ranpli deklarasyon taks mwen pou ane 2021, mwen te dwe IRS kèk kredi nan taks. Kijan pou mwen fè pou m evite sa lòt ane?**

Si ou te oblije remèt kredi nan taks paske vrè revni ou te plis pase revni ou te atann pou 2021, ou te ka konsidere aplike yon pati nan kredi nan taks maksimòm ou sou prim ou an 2022 tan pou ou itilize tout kredi nan taks ou kalifye pou yo a. Epitou, si revni chak ane ou chanje pandan 2022, pa bliye deklare chanjman an bay NY State of Health san pèdi tan.

Pi bon fason pou evite remèt kredi enpo se asire w revni ou kalkile nan aplikasyon NY State of Health ou an kòrèk. Si revni ou chanje pandan 2022, pa bliye deklare chanjman an bay NY State of Health san pèdi tan.

**19. Apre mwen te fin ranpli deklarasyon taks mwen pou ane 2021, kredi nan taks pou prim mwen te plis pase lè mwen te jwenn avi konsènan kalifikasyon NY State of Health mwen an. Poukisa sa rive?**

Montan kredi enpo sou prim davans ou a te baze sou estimasyon revni fanmi wak enfòmasyon ki te disponib lè w te enskri a. Lè w ranpli Fòm 8962 IRS la, kredi enpo sou prim final ou a pral baze sou revni reyèl ou ak pri dezyèm plan ajan ki pi ba nan konte kote w ap viv la. Si kredi enpo sou prim final ou an nan Fòm 8962 a plis pase kredi enpo sou prim davans ou a, ou ka jwenn plis èd finansye sou fòm yon ranbousman ki pi gwo oswa yon rediksyon taks.

**20. Si m te gen pou remèt kèk kredi enpo bay IRS, eske mwen gen pou m repeye kredi enpo nan plan sante mwen?**

Non. Ou gen obligasyon pou amozine kredi enpo ou ak IRS la. Ou pa amonize enpo kredi ou yo ak plan sante w.

**21. Mwen te enskri nan yon plan NY State of Health ak Rediksyon Pataj Kou yo (Cost Sharing Reductions, CSR). Eske mwen gen pou rekonsilye avantaj CSR yo lè m ap depoze taks mwen?**

Non. SR pa amonize.

**22. Mwen pa dakò ak NY State of Health konsènan kantite APTC mwen te kalifye pou resevwa an 2021. Eske mwen ka depoze yon apèl ak NY State of Health?**

Detèminasyon kalifikasyon, san bliye montan APTC yon moun kalifye pou li a, ka jwen kontestasyon nan 60 jou apre dat detèminasyon an. Sa vle di pi fò desizyon kalifikasyon APTC yo kapa konteste nan moman ou resevwa Fòm 1095-A.

Sepandan, si ou te itilize APTC pandan 2021, ou oblije rekonsilye montan ranbousman taks federal APTC ou te itilize a ak montan ou te kalifye pou resevwa a. Tan pou ou depoze yon kontestasyon ak NY State of Health pou kalifikasyon APTC 2021 ou a, lè ou ranpli deklarasyon taks ou sa pral garan ou jwenn tout kredi nan taks ou kalifye pou resevwa yo.

**23. Mwen pa dakò ak enfòmasyon yo ki sou Fòm 1095-A mwen an. Eske mwen ka depoze yon apèl?**

Ou pa ka fè apèl Fòm 1095-A.

Tanpri gade lòt FAQ yo pou wè si yo ede ou konprann enfòmasyon yo ki sou Fòm 1095-A ou an. Si FAQ sa yo pa reponn kesyon ou an, tanpri rele NY State of Health nan 1-855-766-7860 pou jwenn asistans.

**24. Ki kote mwen ka jwenn èd pou fè deklarasyon enpo mwen?**

Ou ka jwenn sistans nan men konseye w oswa moun kap prepare deklarasyon enpo. Ou ka jwenn tou èd nan IRS sou [www.irs.gov](http://www.irs.gov) oswa nan nimewo IRS (800) 829-1040, lendi rive vandredi, 7:00am-7:00pm. Sitwèb IRS la ofri “Ed ak Resous” pou moun ki bezwen sa. Ed gen ladann “Ed Legal pou Kontribiyab Lokal” ak “Klinik pou Moun Ti Revni kap peye taks.”

Gen asistans ak taks gratis tou nan Sit Asistans Taks sou Revni Volontè (Volunteer Income Tax Assistance Sites, VITA) pou kontribiyab ki jeneralman touche pi piti pase \$57,000, oswa ki gen yon andikap, oswa angle yo limite, oswa yo aje. Pou plis enfòmasyon rele (800)-906-9887 oswa ale sou [www.irs.gov/Individuals/Free-Tax-Return-Preparation-for-You-by-Volunteers](http://www.irs.gov/Individuals/Free-Tax-Return-Preparation-for-You-by-Volunteers)



## **25. Èske mwen dwe reklame taks pou ane 2021?**

Si w te enskri pandan youn oswa plis mwa ak kredi enpo, ou blije fè taks ou. Ou pap kapab itilize fòm kout yo tankou Fòm 1040EZ. W ap gen pou itilize youn nan fòm pi long yo, tankou Fòm 1040 oswa Fòm 1040A. Ou dwe tou depoze Fòm 8962 ak retou taks ou. Si ou bezwen asistans ak fòm sa yo, tanpri ale sou [www.irs.gov](http://www.irs.gov) pou jwenn plis enfòmasyon.

Si w te enskri san kredi enpo, tanpri ale sou [www.irs.gov](http://www.irs.gov) pou jwenn plis enfòmasyon.

## **26. Poukisa mwen te resevwa yon fòm 1095 nan men yon lòt kote ki pa NY State of Health?**

Yo kreye fòm apa 1095 yo pou chak kalite asirans sante kliyan an te enskri ladan an 2021. Twa (3) kalite fòm 1095 yo se 1095-A, 1095-B ak 1095-C.

Yo kreye fòm 1095-A a epi voye li bay nenpòt moun ki te enskri nan yon QHP (avèk oswa san yon taks kredi) nan Mache Asirans la an 2021.

Fòmilè 1095-B a an rapò ak enskripsyon nan Medicaid, Child Health Plus, Essential Plan, Medicare, oswa Tricare ki te fèt an 2021. Remake byen Medicare ak Tricare se pwogram gouvènman federal la finanse epi Depatman Sante NYS pa ni kreye ni bay fòmilè 1095-B pou pwogram sa yo. Yo ka kreye Fòmilè 1095-B epi poste li sou demann pou nenpòt moun ki te enskri nan Medicaid, Child Health Plus oswa Essential Plan. Pou mande yon kopi fòmilè 1095-B w la, rele nan 1-800-541-2831. Plan Sante yo ka voye Fòmilè 1095-B a sou demann dirèkteman bay kliyan ki te enskri nan plan katastwofik, ki te achte plan yo dirèkteman nan men konpayi asirans lan, oswa ki te gen kouvèti asirans atravè Mache Asirans pou Ti Biznis la.

Gwo konpayi travay yo ( applicable large employers, ALE) voye Fòm 1095-C la epi yo gen yon gen pou pataje dispozisyon responsablite Lwa Swen Abòdab la. Yon ALE se yon konpayi ki te anboche yon mwayèn omwen 50 anplwaye a plen tan (ki gen ladan anplwaye ekivalan ak a plen tan ) pandan ane a.

Si ou gen kesyon sou fòm 1095 ou yo, tanpri rele nimewo telefòn ki sou fòm sa yo.

## **27. Madanm/mari m te prensipal pwopriyetè kont lan mwen li mouri kounye a. Kijan mwen ka jwenn Fòm 1095-A yo a pou ka fè enpo mwen?**

Pou madanm/mari ki fè deklarasyon revni yo ansanm, nou ka bay Fòm 1095-A bay mesye/madanm ki gen nonl ekri sou Fòm 1095-A. Tanpri kontakte NY State of Health nan 1-855-766-7860 pou jwenn èd.

**28. M ap eseye jwenn Fòm 1095-A yon moun ki mouri. Li pa madanm/mari m e mwen pa sou Fòm 1095-A antanke madanm/mari li kite dèyè.**

Ou dwe fè demann ou an pou Fòm 1095 lan alekri nan yon lèt w ap voye bay NY State of Health. Lèt sa dwe gen ladann kopi kokiman tribinal la ki gen non egzekite oswa administratè a pou byen pwopriyete moun mouri an. Dokiman tribinal sa yo souvan rele Lèt Testaman oswa Lèt Administrasyon. Ou kapab konsilte yon avoka si w gen kesyon sou kijan pou jwenn dokiman sa yo. Yon fwa li resevwa yo, NY State of Health ap bay Fòm 1095-A pou moun non l ekri nan dokiman yo kòm egzekite oswa administratè.

Remake, menm lè ou gen pwokirasyon pou moun mouri an, ou dwe toujou founi demann lan alekri ak dokiman tribinal yo prezante pi wo a pou ka jwenn Fòm 1095-A. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri kontakte NY State of Health nan 1-855-766-7860.

**29. Mwen te resevwa yon lèt 12C k soti nan IRS sou Enpo Kredi sou Prim. Kisa pou mwen fè ak lèt sa?**

IRS la te voye ba w lèt sa paske NY State of Health te fè yo konnen peman davans kredi enpo prim lan te fèt pou w ou nan konpayi asirans ou pa w la oswa pa fanmi w lane pase. Epi tou, ou pa te rekonsilye peman yo te fè davans pou kredi nan taks la ak Fòm 8962 lè ou te deklare taks ane 2021 ou yo.

Ou oblije reponn lèt la, menm si ou pa dakò ak enfòmasyon ki ladann yo. Swiv sa yo di w fè nan lèt la epi ajoute Fòm 1095-A ak Fòm 8962 la nan reponn w ap voye bay IRS la. NY State of Health pa kapab reponn kesyon sou Fòm 8962 a oswa sou pwosesis depo taks la; ou dwe konsilte yon preparatè taks oswa kontakte IRS si w gen kesyon. Se pou konnen ou dwe reponn lèt la mwen si ou pa te enskri nan asirans sante atravè Marketplace la ditou.

**Kesyon yo poze anpil sou Plan Sekou Ameriken an (ARP)**

Nan Plan Sekou Ameriken ki te valide nan mwa Mas 2021, moun ki te deja enskri nan Plan Sante New-York la te resevwa pi gwo kredi enpo, rezidan New-York ki gen gwo revni yo vin kalifye pou APTC pou premye fwa epi kliyan ki te resevwa Konpansasyon Chomaj pou omwen yon semenn an 2021 te vin kalifye pou resevwa asistans pou prim kredi enpo, yon fason pou diminye frè prim nan pa mwa. Chanjman nan kouvèti asirans ak kredi enpo modifiye pral parèt nan fòmilè 1095A kliyan yo pou tout mwa ki aplikab.

**Kesyon: Mwen te deja enskri nan yon plan sante atravè Plan Sante Eta New-York la e mwen te resevwa asistans finansye pou redui frè prim chak mwa a, gras ak Plan Sekou Ameriken an mwen te resevwa pi gwo kredi enpo, ki enpak sa te genyen sou fòmilè 1095-A mwen an?**

**Repons:** Nan Plan Sekou Ameriken ki te valide nan mwa Mas 2021, moun ki gen yon revni ki ba oswa mwayen (revni ki monte jiska \$51,040 pou yon moun epi \$104,800 pou

yon fanmi kat moun) ki te deja kalifye pou kredi enpo tou vin kalifye pou pi gwo kredi enpo. Ogmante kredi enpo w vin diminye prim ou.

Apati mwa Jen 2021, Plan Sante Eta New-York la te aplike pi gwo kredi enpo sa yo pou moun ki enskri deja san yo pa t mande yo fè okenn aksyon.

Pi gwo kredi enpo pral parèt nan fòmilè 1095-A a pou tout mwa apati mwa Jen sòf si ou chwazi pou retire yo ladann.

**Kesyon: Mwen te enskri nan yon plan sante atravè Plan Sante Eta New-York la epi mwen te peye tout frè pou prim mwen yo. Nan ARP mwen vin kalifye pou asistans finansyè epi mwen resevwa yon kredi enpo, ki enpak sa te genyen sou fòmilè 1095-A mwen an?**

**Repons:** Règleman sou asistans finansyè yo vin chanje nan Plan Sekou Ameriken an pou asistans la kapab disponib pou nivo revni ki pi wo. Si yo te di w ou pa kalifye pou prim kredi enpo selon revni w, petèt ou vin kalifye nan kòmansman mwa Jen an lè Depatman Sante Eta New-York la te fè chanjman ki rann kredi enpo yo disponib pou fwaye ki gen gwo revni.

Anvan egzistans Plan Sekou Ameriken an, kredi enpo 2021 yo pa t disponib pou moun ki te touche plis pase 400% nan Nivo Povrete Federal la - FPL (\$51,040 epi yon fanmi kat moun ki touche plis pase \$104,800). Atravè Plan Sekou Ameriken an, moun epi fanmi ki touche plis revni te kalifye pou kredi enpo yo.

Nouvo asistans finansyè sa a te komanse nan mwa Jen 2021.

Si ou chwazi aplike APTC pou redui frè prim chak mwa ou, sa ta sipoze parèt nan fòmilè 1095-A ou.

**Kesyon:** Mwen te resevwa Konpasasyon Chomaj an 2021 epi mwen te enskri nan yon plan sante atravè Plan Sante Eta new-York, ki enpak sa te genyen sou fòmilè 1095-A mwen an?

**Repons:** Si ou te kalifye pou asirans chomaj pandan omwen yon semenn an 2021, nan Plan Sekou Ameriken an ou te kapab resevwa montan maksimòm pou asistans prim kredi enpo pou ede w redui depans prim pa mwa a. Pa egzanp, si ou te resevwa asirans chomaj soti 1e Janvye rive 7 Janvye 2021, epi ou aplike pou asirans sante 1e Avril 2021, ou tou kalifye pou montan sibvansyon amelyore a paske ou te resevwa asirans chomaj la pou omwen yon semenn an 2021.

Si ou chwazi aplike APTC pou redui frè prim chak mwa ou, sa ta sipoze parèt nan fòmilè 1095-A ou.

**Kesyon: Kredi enpo amelyore ki disponib atravè ARPA yo valab depi nan kòmansman ane 2021 an. Mwen pa wè kredi enpo sou mwa anvan yo parèt nan fòm 1095-A mwen. Kijan mwen ka fè reklamasyon kredi enpo amelyore mwen yo pou tout ane a?**

**Repons:** Kredi enpo ki valab depi mwa Janvyè yo ap disponib pou plizyè mwa apre lè ou kalifye epi enskri nan yon QHP nivo metal atravè Plan Sante Eta New-York la. Ouka fè reklamasyon pou kredi enpo sou mwa pase yo lè ou fè deklarasyon enpo ou.

### **FAQ sou Taks, Fòm Taks ak Egzansyon**

Si w gen kesyon sou nenpòt sa k annapre yo, tanpri ale sou [www.irs.gov](http://www.irs.gov) pou jwenn plis enfòmasyon oswa diskite sou yo ak konseye w nan zafè taks. Kesyon sa yo spesifik pou deklarasyon enpo e nou pa kapab founi konsèy sou taks.

- Mwen pa te aplike pou asistans finansyè nan NY State of Health. Èske ou ka di m si mwen ka fè reklamasyon PTC a sou deklarasyon taks mwen pou 2021?
- Kilès ki nan Fanmi taks mwen an? Kijan mwen detèmine si yon moun se yon depandan?
- Kijan mwen rapòte pwoteksyon swen sante sou retou taks mwen?
- Kijan mwen rapòte enfòmasyon yo ki sou Fòm 1095-A mwen yo sou retou taks mwen?
- Eske mwen bezwen ranpli Fòm 8962?
- Kijan pou m ranpli Fòm 8962 sou deklarasyon enpo mwen? Fason pou m itilize Fòm 1095-A pou m ranpli Fòm 8962 mwen an. Kisa pou m konte kòm revni? Kisa FPL mwen ye?
- Eske mwen dwe IRS lajan? Eske IRS ap remèt mwen lajan? Konbyen kredi enpo m ap gen pou remèt IRS? Konbye kredi enpo anplis p am resevwa nan IRS?
- M ap travay ak tèt mwen. Eske mwen ka dekalre prim NY State of Health kòm yon depans pwofesyonèl sou deklarasyon enpo mwen?
- Mwen te gen pou m remèt kredi enpo oswa mwen te resevwa kredi enpo anplis. Èske mwen ta dwe estime revni mwen yon fason diferan pou 2022?
- Mwen te enskri nan yon plan sante ak asistans finansyè epi revni mwen pou kounye a pi ba pase 100% FPL. Eske mwen toujou elijib pou PTC a?